ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№29 (22.187) • 2012 гъэм мазаем (февралым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрыр пэрытхэм хабжэ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий вэсэмахуэ иригъэкIуэкIа видеоконференцым КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ.

КъЭРАЛЫМ и УнафэщIым къипщытащ 2011 гъэм ящищIа пщэрылъхэр эзэгъэзащIэр.

- Ветеранхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным нэгъабэ зэпымыууэ гулыитэ хуэтщIащ. Щыналъхэм а лэжьыгъэр зэхуэдэу щекIуэкIыркъым, мы Iуэхум пыщэн хуеиI, - кьыхигъэщащ Президентым и пэублэ псалъэм.

ЗэIущIэм щыхэпльащ коммуналнэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр зегъэпIэкIуэным, кьемызэгъуу уасэхэм зэрыхагъахьуэм, щыхъэыфIэфIу финансхэр зэрызэгъакIыуэм, унагъуэшхуэхэм ядэIэпыкъуным пыщIа Iуэхугъуэхэм. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ щытыкIэр зыхуэдэр федеральнэ министрхэм зэпкърахащ.

КъыдэгъэпэлъэгъуэмкIэ, зэрыщытту Урысеим ику иту мы гъэм сабийуэ къыщалъхур илъэс кIуэхэм зэрыхъуу щытам щIегъу. Абы теухуауэ демографие щытыкIэр щефлакIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр пашэхэм зэращыщыр кьыхагъэщащ. Нэгъабэ и закъуэ цIыху минм 5-м нэблагъэ ди республикэм кьыхэхьуащ. Апхуэдэу кьалъхуагъащIэу лIэжхэм я бжыгъэм хуэди 2-рэ ныкъуэкIэ кIэрыхуащ.

Медведев Дмитрий щIналъхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ ящищIащ бюджетыр щаубзыхукIэ унагъуэмрэ сабиигъуэмрэ я Iуэхуэм гулыитэ нэхъыбэ хуащIыну.

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

КIуэ пэтми йофIакIуэ

Къанокъуэ Арсен хэтащ демографие политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымрэ я Iэнатlэр егъэфIакIуэным хуэунэтIа щIналъэ программэхэр пхыгъэкIыным егъэщIыла Iуэхуэхэм ятеухуа видеоконференцым. Ар УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхуэкIэ Набережные Челны къалэм щIыпIэ иригъэкIуэкIащ.

ЗэIущIэр кьыщыIэуIухьм Премьер-министрым кьыхигъэщхьэхуэкIащ лIэхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхум, сабийуэ кьалъхум зэрыхэхьуэм я фIыгъэкIэ, ди къэралым щыпсэур зыкъомкIэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Урысеим и щIналъхэм я Iыхьэ щанэм нэсым цIыхухэм я бжыгъэм щыхэхьуащ, апхуэдэу сабийуэ лIэхэм я бжыгъэр Iыхьэ щанэкIэ нэхъ мащIэ щыхьуащ. Путин Владимир кьелыитэ ар Урысей Федерацэм и щIналъэхэм я Iэтащхьэхэм я лэжьыгъэм куэдкIэ и фIыгъэу.

Премьер-министрым апхуэдэу кьыхигъэбеллъыкIащ демографие кьалэнхэр зэрэIэгъэкIыныр щIналъэхэм я Iуэхуэзехьэхэм я лэжьыгъэм, ахэр цIыхухэм я псоцIэр егъэфIакIуэным зэрыхущIэкъум зыкъомкIэ зэрелытар. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыхухэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр иджырей губернаторхэм я лэжьыгъэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зыIыв хуейщ.

Псалъэ кьыщыпсысым КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуакIащ узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэр егъэфIакIуэным, республикэм щIэблэ нэхъыбэу кьыхэхьуэным, сымаджэ хьу, лIэ сабийхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным хуэхэа Iуэхуэхэр ди дежь зэрыщыубзыхуар. Кьапщтэмэ, кьыгщIэхьуэ щIэблэм я узынщагъэр якъуэмэ гъащIэм I зэжьакIуэхэр. Абы къэхъэзыр, илъэс 14 ныбжьым ит сабийхэм дохутыр псори кьрагъэплъ, Iуэхущапlэхэр IэмэпсымэщlэхэмкIэ зэщIауэзадэ, сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи егугъуу зэрагъэпэщыж, Кьэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым сабийуэ щыпIэр мащIэ дыдэщ - сабий кьалъхуагъащIэ миным яхуэзэр 6,2-рэщ. А бжыгъэмкIэ ди къэралым щыщу республикэм кьытекIуэр Санкт-Петербург и закъуэщ (5,8-рэ).

Республикэм щIэблэу нэхъыбэ кьихуэун папщIэ, КъБР-м и къэрал Iуэхущапlэхэм я кьудамэ псомэ нлэжьхэр зэрагъэIуIэ мурадкIэ, 2007 гъэм кьыдэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым а Iуэхум 2015 гъэм нэс зэрызыщужьыным тещIыхьа программэ. Ар хуэгъэзащ сабий зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуным, цIыхухэм я узынщагъэр егъэфIакIуэным, гъащIэм и кIыхьагъым хэгъэхъуэным, анэхэу, сабийхэу лIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным, унагъуэ пIалъэпIэнагъэхэм, узынщыу псэуным цIыхухэр хуэущиныр.

Къанокъуэ Арсен нэхъапэм мызэ-мытIуэ кьыхигъэщащ республикэм сабийуэ кьыщалъхум, абы и цIыхухэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыхэхьуэр. Абы кьыхельтэ сабий нэхъыбэ кьалъхуным унагъуэхэр трагъэгушхуэн папщIэ, абыхэм мылькукIэ защIэгъэкъуэн хуейуэ. 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэр - «Анэ щIыхь» медалыр - щIагъэувари арац. А дамыгъэр ират бынитху, нэхъыбэ къэзылъхуа икIи зыпIа анэхэу балигъ мыхьуа сабийхэу зы е абы нэхъыбэ нэхъыбэ зиIэхэм. Абы щIыгъуу ират дэтхэнэ зы сабийми сом минипщI хуэзэу ахъшэ. СабиипщI, нэхъыбэ зыпI цIыхубзхэм медалым кьыдэкIуэу, автобус цIыкIу ират. Сабиитху, абы нэхъ нэхъыбэ зыпI унагъуэхэм щIналъэ анэ мылькуIуэ мурадкIэ - я псэупIэхэр ирагъэфIакIуэн папщIэ сом мин 250-рэ. Бын куэд щапI унагъуэхэм Р и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ псэупIэ-коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатым щыщ гъэрхэр щхьщах. Нэгъабэ и кIэм республикэм и Парламентым кьыщтащ я ныбжьыр илъэс 18-м нэмысауэ сабиищ, абыхэр нэхъыбэ зыпI унагъуэхэри хэту, КъБР-м и щIналъэм псэупIэхэр езыр-езыру щаухуэну щIы Iыхьэхэр цIыху щхьэхуэхэм пщIэншэу иратыныр кьыщыгъэльэгъуа Закон.

ЦЕКIУ ПIатI.

Зэгурыlуэныгъэ щхьэхуэ иращlылlэ

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м и премьер-министрым и къуэдзэ, гъэуэгухэм щынагъуэнщагъэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ республикэ комиссэм и унафэщI Уянаев Казымрэ «Кавказ Ищхъэрэм и кьалэ щIыб пассажир компание» ОАО-м и Iэтащхьэ Лесниченко Андрейрэ пэжьыгъэ IуэхуэкIэ зэIущIащ. Абы хэтащ Прохладнэ, Майм муниципальнэ районхэм, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIналъэр зэпызыщIэ кьалэ щIыб мафIэгу къэувыIапIэхэр кьыззIухэжыным и Iуэхум.

КъБР-м Правительствэмрэ «СКППК» ОАО-мрэ зэращIылIащ Прохладнэ - Налшык - Прохладнэ, Минводы - Налшык - Минводы, Владикавказ - Прохладнэ - Владикавказ кьалэ щIыб маршрутхэм хуэзэр, кьэралым зэкIелъитIакIуэ уасэм тещIыхьауэ, республикэ бюджетым кьыхэжкIыну гъущI гъэзэгу организацIэм мы гъэм зэрэхухахьынум теухуа зэгурыIуэныгъэ. Ауэ «СКППК» ОАО-м и унафэкIэ, республикэ заказым хэмыхуа Минводы - Беслъан - Владикавказ кьалэ щIыб гъэзэгум тет мафIэгухэм ди цIыхухэр къуэвыIэпIэхэм щрагъэтIысхьэрэ щхьэкIэ гъущI гъэзэгу щIалъэхэм иращIылIэнущ.

КъБР-м ТранспортымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● КъБР-м и Iэтащхьэ



Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен цIыхухэм яхуозэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм республикэм щыпсэухэр я щхьэ IуэхуэкIэ дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэбелэгъащ.

АБы ИПКЪ иткIэ Тырныауэ щыщ Макитовэ Нафисэт мылъкукIэ зыщIагъэкъуэнущ. Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен район унафэщIхэм кьалэн ящищIащ зыпIыжьын зыщхьэщымытыж унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэну. Гундэлэн щыщ Настуев Мажир и щхьэгъусэм кьыдэIэпыкъуну щIэлъэIуащ. Ар зэрагъэхъужьну мылъку ябгъэдэлъхьым. И лъэIур хуигъэзэщIам и мызакъуэу, республикэм и УнафэщIым районым и Iэтащхьэм щIэрылъ щищIащ абы а унагъуэр щыпсэу унэр зэгъэпэщыжьныныкIэ ядэIэпыкъуну. Апхуэдэу Май кьалэм щыщ Зайцевэ Валентинэ республикэм и Iэтащхьэм елъэIуащ илъэс 16 зи ныбжь и къуэрылъхум кьызэрыгагъэIэзэнум хуэзэну мылъку кьаритыну. Республикэм и унафащIхэр зэрадэIэпыкъунум кьыдэкIуэу, Узыншагъэр хъумэныкIэ министерствэми абы мылъку хуихьынущ. Нэхъ псынщIэу кьызэфIэувэжыну екъуэхъури, «Урыс гъуазджэ» щIэнгъуаэзр Къанокъуэ Арсен ныбжьыщIэм тыгъэ хуищIащ. «Зегъэхъуж, и кьаруми, и щIэныгъэми хырегъахъуэ. Дэ щIалэгъуалэ узынщэ, губзыгъэ дыхуейщ», - кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIым.

Сабиищ зыпI КIэщт Ирини мылъку щIэлъэIуащ. И анэмрэ и пхъумрэ зэрысымаджэм кьыдэкIыу, коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыплъэ Iуэхущапlэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным.

- Украинэм дыдэлъхьнущ абы и унафэщIхэм экономикэмкIэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ кьащта программэр дэтIыгъыу. Абы кьалэну Украинэм и властым щызыхуегъэувыж дунейпсо рынокым сым и увыпIэ я кьэралым щрагъэубыдыну, щIыхубзэр зыгъпIлъэ зэхъуэкIыныгъэкIэр ирагъэкIуэкIыну, - жеIэ Дунейпсо банкым и щIналъэ кьудамэм и унафэщI Фан Камиао.

Нанодохутыр

США-м и биологхэм кьагупсысащ дуней псом и яп1 дохутыр нанороботыр. Абы Iэнкьлъэныкъом и клеткэхэр зэхецIыхукIри, хущхьэрэ зыхухаха клеткэхэм я деж молекулэр нехьэсыф, абы щыгъуэми, «гъуэгу здытетым», Iэнкьлъэнкъым хэль «пхъэнкIийхэр» кьызэщIекъуэ, и кьалэн игъэзэщIэн папщIэ зыхуэхъуну абы хэль молекулэхэри кьыздещIэ.

Бостон щыIэ Гарвард и медициниэ еджапIэм и щIэныгъэлIхэращ а роботыр къэзыгупсысар. А гупым, Дуглас Шон я Iэтащхьэу, роботым и зэхэлъыкIэм лъабжьэ хуащIащ ДНК-м и зэхэлъыкIэ гугъуэхэр, щIэныгъэлIхэм «ДНК-оригами» зыфIащар.

2009 гъэм Дуглас Шон зэхилъхат компьютерым и программэ щхьэхуэ, ДНК-мрэ нанопкыгъуэхэмрэ зэхэуухэнэкIэ кьызэригъэпэщу. А программэм фIищат нано CAD. Аращ кьежьапIэ хуэхъуари наноробот дохутыр къэгупсысыным. Ар идкьри цIыху сымаджэхэм ирагъэплъакъым, ауэ нобэ щIэныгъэлIхэм шэч кьыгъахьэжьыркъым наноробот IэпкIльэпкIым зэуэ кьалэн зыбжанэ зэрыщIэхъуэщIэфынум.

Мы махуэхэм

Мазаем и 18, *щэбэт*

п Гамбие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэ - 1965 гъэм къэрал щхьэхуит хуащ.

п ИлъэС 45-рэ и пэкIэ дипломатие зэхущытыкIэр зэхуэдэ хъуащ СССР-мрэ Буркина-Фасорэ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм кьищтащ СССР-м и кьалэнхэр.

п Мазаем и 18 - 21-хэм Риоде-Жанейрэ (Бразилие) щызэхэтынущ гъэ къэс екIуэкI карнавалыр.

п 1924 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Лениным и цIэр зезыхъэ еджапIэ кьалэ цIыкIу.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пIалъэ-пIалъэкIэ уэс кьыщесынущ. ЩIыIэу махуэм градуси 3, жэщым - градус 8 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 8-м, кьуэхьжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 39-м.

Хьуэам и псыIагъыр процент 98 - 100-м нэсынущ.

Мазаем и 19, *тхьэмахуэ*

п Джейкэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

п Туркменистаным и Къэрал бракъыр щагъэлъапIэ гуфIэгъуэ махуэщ

п ИлъэС 55-рэ и пэкIэ дипломатие зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хъуащ СССР-мрэ Цейлонымрэ (1978 гъэм Шри-Ланкэ Демократ Социалист Республикэ зыфIащыжар). 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м СССР-м и кьалэнхэр УФ-м кьыщтащ.

п 1986 гъэм СССР-м хьэрщым нутIыпщащ «Мир» орбитальэ станцыр.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, Налшык пIалъэ-пIалъэкIэ уэс кьыщесынущ. ЩIыIэу махуэм градуси 4, жэщым градус 11 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 58-м, кьуэхьжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 40-м.

Хьэуам и псыIагъыр процент 86 - 100-м нэсынущ.

Мазаем и 20, *блыщхьэ*

п Социальэ захуагъэм и дунейпсо махуэщ

п США-м и президентхэм я махуэщ (Вашингтон Джорджрэ Линкольн Авраамрэ я фэеплъщ).

п Мазаем и 20 - 21-хэм Париж (Франдзкь) щызэхэтынущ географиемкIэ щIэныгъэхэм ехьэлIауэ ЮНЕСКО-м и дунейпсо программэхэм я 40-нэ сессие.

п 1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ ЕфIыкIэ щащI фабрикэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, Налшык пшэ щытелъынущ, щIыIэу махуэм градуси 5, жэщым - градус 11 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 52-м, кьуэхьжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 42-м.

Хьэуам и псыIагъыр процент 82-м нэсынущ.

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

● Гу зытытапхъэ

Щыуагъэхэр къалъыхъуэ

Урысейм и Хэхакlуэ Комиссэ Нэхьыщхьэм и сайтымрэ (www.cikrf.ru) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и сайтымрэ (www.kabardin-balkar.isbirkom.ru) 2012 гъэм мазаем и 15-м щыщIэдзауэ щолажьэ «Найди свой избирательный участок» Iыхьэр. «Личный кабинет», «Найди свой избирательный участок» интернет-сервисыр кьагъэсэбэпырэ, УФ-м и щIыхухэм щыгъуазэ защIыфынущ зыхибыдэ хэхыпIэ участкэхэм я лэжьыгъэм, апхуэдэуи езыхэм ятеухуауэ хэхакIуэхэм я спискэм иратхахэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэр кьыволъэIу ищIэжкIэ кьыщытхьа сайтхэм фихьэу, фэ фтеухуауэ ятхахэр пэжрэ мыпэжрэ зэхэзгъэкIыну, щыуагъэ гуэрхэр яIэщIэкIауэ кьыщIэкIмэ, фызыхибыдэ хэхакIуэ комиссэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 3-м и пэ кьихуэу абы теухуауэ хьыбар евгъэщIэну, мытэмэмыгъэхэр ягъэзэкIуэжьи щхьэкIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Украинэм дэIэпыкъунущ

Дунейпсо банкым нубыхуащ Украинэм зэрыдгэлэжьыну щIыкIэр.

Ягъэбелджыла Iуэхуэхэм кьызэщIеубыдэ 2016 гъэ пщIондэ ялъжьынур. Псалъэм папщIэ, банкым гъэ къэс щIыхуэу Украинэм иритынущ доллар мелуан 500. КьищынэмыщIауэ, Дунейпсо ахьшэ хъумапIэм и Iуэхущапlэхэм хьыхь Дунейпсо финансыр корпорацIэм абы илъэс къэс хуиутIыпщынущ иджыри доллар мелуан 400.

Украинэм хуауатIыпщ ахъшэр текIуэдэнущ бюджет мылькур нэхъ зэгъэзэхуауэ зехьэным, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэр зылъэкIуэ Iуэхущапlэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным.

- Украинэм дыдэлъхьнущ абы и унафэщIхэм экономикэмкIэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ къащта программэр дэтIыгъыу. Абы кьалэну Украинэм и властым щызыхуегъэувыж дунейпсо рынокым сым и увыпIэ я кьэралым щрагъэубыдыну, щIыхубзэр зыгъпIлъэ зэхъуэкIыныгъэкIэр ирагъэкIуэкIыну, - жеIэ Дунейпсо банкым и щIналъэ кьудамэм и унафэщI Фан Камиао.

Нанодохутыр

США-м и биологхэм кьагупсысащ дуней псом и яп1 дохутыр нанороботыр. Абы Iэнкьлъэныкъом и клеткэхэр зэхецIыхукIри, хущхьэрэ зыхухаха клеткэхэм я деж молекулэр нехьэсыф, абы щыгъуэми, «гъуэгу здытетым», Iэнкьлъэнкъым хэль «пхъэнкIийхэр» кьызэщIекъуэ, и кьалэн игъэзэщIэн папщIэ зыхуэхъуну абы хэль молекулэхэри кьыздещIэ.

Бостон щыIэ Гарвард и медициниэ еджапIэм и щIэныгъэлIхэращ а роботыр

■ ЗэIущIэхэр ■ ДифI догъалъапIэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЕджакIуэхэр спортым дегъэхъэхын

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы щызэгурыIуащ Парламентым и депутат псори зыхэтыну зэIущIэр 2012 гъэм мазаем и 29-м иратынущ. ИкIи Iуэху 20-м щIигъум абы щытепсэтыхьыну.

БЮДЖЕТЫМКIЭ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Шаваев Ильяс** Президиумым кьыщыхитьхащ «Муниципальнэ къызэгъэпэщынымкIэ я къэпщытакIуэ-счет органхэм я лэжьыгъэр зэтеухуэным егъэщIылIа Iуэху щхьэхуэхэм хуэунэтIауэ» КъБР-м законым и проектыр.

«КъБР-м и Щы кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэтьхъэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым кьыззэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Аграрнэ политикэмрэ щIы зэхущытыкIхэмкIэ комитетым и унафэщI **ЛIыхъугу Хьэжмурид**. Законым егъэув Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькуу, муниципальнэ мылькуу щыт щIы Iыхьэхэу федеральнэ мылькум кьыхахьу республикэм, муниципальнэ кьызэгъэпэщынигъэм кьагъэкIуэхэр зыIэрагъэхьэныжкIэ кьыдэ Iэмалыр. Апхуэдэу абы щыубзыхуащ «Экономикэ щIыпIэ щхьэхуэхэм я Iуэхукlэ» КъБР-м и Правительствэм кьигъэльэгъуа щIыналъэм хиубыдэу КъБР-м и къэрал мылькуу щытыну щIыхэр

Унафэщ І Энат Іэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ комиссэм зэреджэр зэхьуэкІын Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэу.

2. Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм хэтхэр кьэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Кьару ямыІэжу къэлытэн:

«Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ комиссэм и Іуэхукі» 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №117-УП-м и пункт 2-м;

«Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м кьыдигъэкІа Указ №117-УП-мкІэ кьинтэм, зэхъуэкІынырэзэр хэлъхьэным и Іуэхукі» 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №113-УП-м.

4. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ ЗЫКЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем 10-м
№23-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мазаем и 10-м кьыдигъэкІа Указ №23-УГ-мкІэ къыщытащ

Унафэщі Іэнатіэхэр зезыхьэфынуэр кыьхэхынымрэ гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм хэтхэр

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщыр *(Комиссэм и унафэщІ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм кьэрал къулыкъу, кадрэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іуэхуэмкі и управленэм кьэрал къулыкъу, кадрэм, кьэрал наградэхэм я Іуэхуэмкі и къудамэм и унафэщыр *(Комиссэм и секретарь)*

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ кьэрал еджапІэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Капушников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и федеральнэ инспекторыр *(эзгурыІуауэ)*

Къарэмырэ Б. С. - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ кьэрал бюджет еджапІэм и ректорыр *(эзгурыІуауэ)*

Къуэшрокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и я ІэпкІэгъэщ

Къуэщысокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и кьэрал-правовой управленэм и унафэщыр

Мусуков А. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынымэмрэ сатумкІэ и министыр

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и тхьмадэр *(эзгурыІуауэ)*

Тау П. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьмадэр *(эзгурыІуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ и министыр

Хьэгъэ З. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Щхьэгъэшэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министыр

Щхьэгъуэн А. Л. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Ерчут Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

2011 гъэм и IV мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зы цІыхур, социально-демографиеу гуп нэхъыщхьэхэр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизыр гъэувыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мазаем и 7-м №20-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ущыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-уэ 2005 гъэм накьыгъэм и 18-м кьыдэкІам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещі:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ и министерствэм кьызэригъэлъэгъуэм ипкъ иткІэ, 2011 гъэм, IV мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зы цІыхур щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр сом 4918-уэ, лэжьэфыну цІыхухэр - сом 5277-рэ, пенсионерхэр - сом 3877-рэ, сабийхэр - 4632-рэ зхьуэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

● КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым къет

Хабзэ щхьэхуэ зыбжанэ щызокІуэ

Террор щІэнхъаджагъэ кьамыгъэхьун, цІыхухэм, ІуэхуцІапхэм я щынагъэшнагъэр кьиІэрагъэнэщын, пэхуу зэхэзеуэ щІэнхъаджащІэ гуным хэтхэр кьалъыхьуэм икІи яубыдын мурадкІэ, «Терроризмым пэщІэтынымрэ Іуэхукі» Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 11-нэ, 12-нэ статьхэмэ ящхьтІэ, Урысейм и ФСБ-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ – КъБР-м и Оперативнэ штабым и Іэтащхьэ генерал-майор Кменный С.Л. унафэ ищІащІ 2012 гъэм мазаем и 16-м сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 30-м кьыщыщІэдзауэ Іэрткъалэ щыщ Іыхьэу Нэрэмахуэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэщым и Гертер Иван.

АБЫ ЩИДЗЭН и пэ кьихуэу премьер-министрым зэхуэсахэм яригъэщІыхуащ и ящэ кьуэдзэу дяпэкІэ лэжьэну Жылэ Валерий.

Зэхуэсахэр хэплъащ республикэм и деждкІэ мыхьэнэ пыухыкІа зиІэ Іуэхугъуэу 25-м. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и Президентым игъэува кьаалэхэр зэрагъэзэщІамрэ апхуэдэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІымрэ теухуар. А Іуэхуэхэр зыІутыр зэпхьрыхуэя кьиІэлъэгъуащ узынщагъэхъуэмэнымкІэ министрым и къуэдзэ Уэртэн Аслъан.

Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм щыпсэу цІыхухэм ящыщу бэІутІэІу зэмылІэужьыгъуэхэм я зэранкІэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным ехьэлІауэ, Урысей Федерацэм и Президентым кьиГъэува кьаалэхэр гъэзэщІэным хуэунэтІа унафэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьащтащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, 2011-2015 гъэхэм «КъБР-м и цІыхухэр узыншэу псэуныр кьызэгъэпэщыныр» республикэпсо программэ зэгъэуІуар, а гъэ дыдэхэм кьриубыдэу наркотикхэр зэхьэлІэным, хабзэм къемызэгъыу абыкІэ сату щІыным пэщІэтынымкІэ Іуэхугъуэхэр зыубзыху. 2006-2012 гъэхэм КъБР-м и гъэгъуэр нэхъ шынагъэншэ щІыным телажьэ программэхэри. Кьищыкъымрэ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм унафэ щхьэхуэ кьищтащ М-29 «Кавказ» федеральнэ гъуэгуэм кьыщыхъуб бэІутІэІухэм фэбжь хэзыхахэм икІэщІыпІэкІэ медицинэ дэІэпыкъунигъэ ягъуэтыным теухуауэ.

2010 гъэм М-29 «Кавказ» гъуэгум щыщу республикэм и щІыналъэм пхыкІыр ХрагъэубыдащІ абы кьыщыхъу машинэ зэхъэхэуэхэм фэбжь хэзыхахэм медицинэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуным пщІа Іуэхугъуэхэр зэфІэІэзыгъэкІ Іэнатіэм. «Кавказ» гъуэгум и дэтхэнэ щІыпІэмэ зыгуэр кьыщыхъуарэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэр ираджамэ, ар дакьикъэ 40 нэхъ дэмыкІыу а щІыпІэм нэсын хуэдэу Іуэхур кьызэрагъэпэщащ. Унафэ кьащтащ фэбжь хьэлъэ зытелъхэр здашэну центр республикэ клиникэ сымаджэщым кьыщыхэІуахыну. Абы папщІэ кьащэхуащ сом мелуани 188,1-рэ и уасэ Іэмэпсымэ. А бжыгъэм щыщу сом мелуани 134,374-р федеральнэ бюджетым кьиутІыпщащ, сом мелуан 53,7-р Іуэхум хэзыльхьар КъБР-щ.

2010 гъэм а центрым и ІэщІагъэлІу 7 щеджащ Санкт-Петербург. Нэгъабэ абы щрагъэджащ Іэщ Іагъэлі 19.

Федеральнэ мылъкукІэ кьащэхури, республикэм кьратащ сом мелуан 17,5-рэ и уасэ, гъуэгуэхэм зэрыщылажьэну Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэща реанимобилу 7. Абы и фІы гъэкІэ федеральнэ гъуэгум и кІыхьагъкІэ, Дзэлыкъуэ, Лэскэн куэйхэм, Налшык, Бахъсэн жащи махуи лэжьэну дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и центрхэр кьыщызэІуахащ.

Зэ Іуащ Іэм апхуэдэу щыхэплъащ хуэмыщІауэ псэу цІыху зыбжанэм я лъэІуэхэм. Абыхэм ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным, «Налшык» кьэрал Іуэхущ Іапі э-спорткомплексыр кьызэІухыным, щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ Іэнатіэхэм мы гъэм халъхьэну зэхъуэкІынигъэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми унафэ тращІыхьащ.

ГЪУЩІО Зарифь.

● Іуэху еплъыкІэ

Зэпкърыхауэ утыку кърехьэ

Урысей Федерацэм и Президентыр щыхэтхыну махуэр къоблагъэ. Ди пщэдейм, ди щІэблэм я кьэкІуэнум игъэпІейтей дэтхэнэми а кьулыкъум хущІэкъухэм я программэхэм набдзэгубдзаплъэу зыхагъэуагъэ, абыхэм хуаІэ щытыкІэр наІуэу кьаІуатэ. УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир ФІэкІа кьэмынэу, адрейхэр телерадио нэтынхэм, газет напэкІуэцІхэм ерыщу щызодаеуэ, бэр бащэкІэ кьагъэгугъуэу хэхакІуэ нэхъыбэ я лъэныкъуэ кьызэращІыным хущІокъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и кандидат Путин Владимир апхуэдэ псалъэмакъхэм хэмыхьэу кьэралым и Унафэщ Іу хах хъумэ, нэхъыщхьэу илэжьыну и мурадхэмрэ ящэ игъэщІапхъэу кьилъытэ Іуэхугъуэхэмрэ зэщхьэщыхуаІэ, купщІафІэу икІи зэпхьрыхуэя утыку кърехьэ. Абы и иужьрей тхыгъэшІэгъэ псэунымгъэр кьызэгъэпэщынымрэ захуагъэр пхыгъэкІынымрэ хуэунэтІауэ кьэув кьалэнэхэм триухуащ. «Комсомольская правда» газетым ар ди гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым щытопсэлъыхь, зыужьынымгъэр зэтезыІыгъэ ныкъусаныгъэхэр щызэпкърех. Кьащтэмэ, кьэралым и ІыхьуухэР зэпымыууэ зыгъэпІейтей щыщІэныгъэхэр щІиуфэркъым. Апхуэдэщ къулейхэмрэ кьулейсызэхэмрэ я псэукІэр кІуэ пэтми зэрызэщхьэщыкІыр кьызэтегъэуэвыІэн, зэхуэгъэзэныгъэм и хабзэхэр зэтегъэуэвэкьин, социальнэ, егъэджэныгъэ, узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэм щекІуэкІ зэхъуэкІынигъэхэр щІэгъэхуэбжьэн, зэхуащІ мыльку яхуэхэын, ар кьызэрагъэсэбэныр кІэльыпІэлъынигъэ тхІийм щІэгъэувэн, бын зыпІ унагъуэхэм хуэфащэ гулъытэ яхуэщІын зэрыхуейр.

Путин Владимир пенсэхэм, псэукІэр кьызэрызэгъэпэщыпхъэ щыкІэм Іыхьэшхуэ хухиакІ. «ПсэупІэхэр хуабжьу лъапІэщи, я уасэхэм цІыхухэр пэльащыркъым. Унэ кьищэхуну е зыухуэну зыхуэзэфІэкІыр кьэралым исым я Іыхьэ пЛанэрщ. Абы кьыхэкІыу ухуэныгъэм тратъэкІуадэр, псэуалъэпхъэхэм я уасэр ягъэмэщІэн, мы Іэнатіэр зэщІэзыубыда коррупцэм и лъэр щІэудын хуейщ. ИтЛанэ псэупІэм и уасэр процент 20-м щІигъукІэ ехынущ», - къыхегъэщІ Премьер-министрым.

Путин Владимир и тхыгъэм къызэщІригъэубыдащ унагъэшхуэхэм, унэгъащІэхэм хуащІыну гулъытэр зыхуэдэр, сабий гъэсапІэхэм чэзыр щызэтегъэкІыным, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и зехьэкІэм зегъэуэжыным, демографие щытыкІэр егъэфІэкІуэным, ІыхуухэР хъумэным хуэунэтІауэ лэжьыпхъэхэр. Ахэри, и тхыгъэм къыщИэта адрей Іуэхугъуэхэри кьэралым и Президент хъумэ игъэзэщІэну и мурад программэхэу къызэолъытэ.

КЪАРДЭН Вячеслав,
Аруан къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ.



Хэкур яхьуэму хэкІуэдахэр эи тщыгъупщэнукъым.
Сурэтыр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

● КъБР-м и Правительствэм

Іуэхугъуэ 25-м щыщу

Вэсэмахуэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван.

АБЫ ЩИДЗЭН и пэ кьихуэу премьер-министрым зэхуэсахэм яригъэщІыхуащ и ящэ кьуэдзэу дяпэкІэ лэжьэну Жылэ Валерий.

Зэхуэсахэр хэплъащ республикэм и деждкІэ мыхьэнэ пыухыкІа зиІэ Іуэхугъуэу 25-м. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и Президентым игъэува кьаалэхэр зэрагъэзэщІамрэ апхуэдэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІымрэ теухуар. А Іуэхуэхэр зыІутыр зэпхьрыхуэя кьиГъэлъэгъуащ узынщагъэхъуэмэнымкІэ министрым и къуэдзэ Уэртэн Аслъан.

Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм щыпсэу цІыхухэм ящыщу бэІутІэІу зэмылІэужьыгъуэхэм я зэранкІэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным ехьэлІауэ, Урысей Федерацэм и Президентым кьиГъэува кьаалэхэр гъэзэщІэным хуэунэтІа унафэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьащтащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, 2011-2015 гъэхэм «КъБР-м и цІыхухэр узыншэу псэуныр кьызэгъэпэщынымрэ» республикэпсо программэ зэгъэуІуар, а гъэ дыдэхэм кьриубыдэу наркотикхэр зэхьэлІэным, хабзэм къемызэгъыу абыкІэ сату щІыным пэщІэтынымкІэ Іуэхугъуэхэр зыубзыху. 2006-2012 гъэхэм КъБР-м и гъэгъуэр нэхъ шынагъэншэ щІыным телажьэ программэхэри. Кьищыкъымрэ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм унафэ щхьэхуэ кьищтащ М-29 «Кавказ» федеральнэ гъуэгум кьыщыхъуб бэІутІэІухэм фэбжь хэзыхахэм икІэщІыпІэкІэ медицинэ дэІэпыкъунигъэ ягъуэтыным теухуауэ.

2010 гъэм М-29 «Кавказ» гъуэгум щыщу республикэм и щІыналъэм пхыкІыр ХрагъэубыдащІ абы кьыщыхъу машинэ зэхъэхэуэхэм фэбжь хэзыхахэм медицинэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуным пщІа Іуэхугъуэхэр зэфІэІэзыгъэкІ Іэнатіэм. «Кавказ» гъуэгум и дэтхэнэ щІыпІэмэ зыгуэр кьыщыхъуарэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэр ираджамэ, ар дакьикъэ 40 нэхъ дэмыкІыу а щІыпІэм нэсын хуэдэу Іуэхур кьызэрагъэпэщащ. Унафэ кьащтащ фэбжь хьэлъэ зытелъхэр здашэну центр республикэ клиникэ сымаджэщым кьыщыхэІуахыну. Абы папщІэ кьащэхуащ сом мелуани 188,1-рэ и уасэ Іэмэпсымэ. А бжыгъэм щыщу сом мелуани 134,374-р федеральнэ бюджетым кьиутІыпщащ, сом мелуан 53,7-р Іуэхум хэзыльхьаР КъБР-щ.

2010 гъэм а центрым и ІэщІагъэлІу 7 щеджащ Санкт-Петербург. Нэгъабэ абы щрагъэджащ Іэщ Іагъэлі 19.

Федеральнэ мылъкукІэ кьащэхури, республикэм кьратащ сом мелуан 17,5-рэ и уасэ, гъуэгуэхэм зэрыщылажьэну Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэща реанимобилу 7. Абы и фІы гъэкІэ федеральнэ гъуэгум и кІыхьагъкІэ, Дзэлыкъуэ, Лэскэн куэйхэм, Налшык, Бахъсэн жащи махуи лэжьэну дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и центрхэр кьыщызэІуахащ.

Зэ Іуащ Іэм апхуэдэу щыхэплъащ хуэмыщІауэ псэу цІыху зыбжанэм я лъэІуэхэм. Абыхэм ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным, «Налшык» кьэрал Іуэхущ Іапі э-спорткомплексыр кьызэІухыным, щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ Іэнатіэхэм мы гъэм халъхьэну зэхъуэкІынигъэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми унафэ тращІыхьащ.

ГЪУЩІО Зарифь.

● Нобэ Урысейм и транспорт полицэм и махуэщ

Транспорт полицэм и плъыр Іэнатіэм я кьулыкъур щрахьэкІ лейтенант нэхъыжь Елей Владимиррэ прапорщик Бэджьыгъу Эдуардэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщ

Урысейм и транспорт полицэм и махуэр мазаем и 18-м ягъэтъапІэ. А кьулыкъым и тхыдэмрэ я зыужьынымкІэмрэ Урысейм гъуэгу гъуэгуэр ухуэн щыщІадзэм ирах. 1919 гъэм мазаем и 18-м Іэ зыщІадзауэ щыта «Гъуэгу гъуэгуэр хэхуэнымкІэ ведомствэхэм эдэай комиссэ къызэгъэпэщыным и Іуэхукі» декретыр абы теухуа ящэ дэфтэрэу кьалъытэ. АдэкІэ транспорт полицэр (милицэр) федеральнэ Іэнатіэ гъэщым хуэкІуащ.

А Іуэхущ Іапі э м и кьалэн нэхъыщхьэщ хьэуа, тендэжь, псы, гъущІ гъуэгуэхэм шынагъуэншагъэр къыщыщэгъэныр, террорым, Іэщэ, кьагъауэ Іэмэпсымэхэр, наркотикхэр зэрагъэкІуэным пэщІэтыныр. Транспорт полицэм зи Іэщ Іагъэм хуэдэжкъ, кьаэнэр хьэпІэу езыхьэжі я щІэнкъуэкІуэхэр жыдкъэуэ хэтщ сыт хуэдэ щІэпхьаджагъэми еблэныным.

КъБР-м щыІэ МВД-м и транспорт полицэм щылажьэхэм кьапэщыт кьалэнхэр зэфІэхьыным я кьару псорэ ирахьэлІэ. Илъэс кІуам абыхэм щІэпхьаджагъэ 79-рэ ящІагъэщащ. Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ящыщщ Сыжажэ Залым, Елей Владимир, Хьэмыкъуэ Заур, Гъэнгъэпщ Рустам, ЛъэнкІэпІашэ Мурат сымэ. Ахэр я махуэ льапІэм гукъыдэж ин яІзу ирохьэлІэ икІи хьэзыфщ сыт щыгъуи гъуэгум и шынагъэншагъэм и пЛныру щытыну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Футбол

Бжыгъэшхуэ заущІэкІэ

